# ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДА ҮЙ-ЖАЙ ҚУРЫЛЫСЫНДА ӨЗАРА ЖӘРДЕМ ДӘСТҮРИ

**Хожаниязова Гулшана Муратбаевна**
*ӨзР ИА ҚҚБ Қаракалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, таяныш доктаранты*

Ҳәрбир халық турмысында өзара жәрдем дәстүриниң ең әҳмийетли түрлеринен бири «жай көмек» есапланады. Материаллық мәденияттың ажыралмас бөлеги есапланған турақ жай мәселеси менен қарақалпақ этнографиясы илиминде дәслепки изертлеўлерди А.С.Морозова [Морозова:58-98] әмелге асырған. Турақ жай мәселеси Т.А. Жданко [Жданко:461-467], У.Х. Шалекенов [Шалекенов:47-54], Л.С. Толстова [Толстова:1959], Х.Есбергенов [Есбергенов:1980] сыяқлы бир қатар изертлеўшилер тәрепинен изертленген.

Заманагөй изертлеўлерде Н.Тлеубергенованың [Тлеўбергенова:1996] изертлеўлеринде көшпели уйлер ҳәм қарақалпақлардың үй-жайлар менен байланыслы болған мәресим ҳәм диний исенимлерине арнаўлы тоқталған.

Қарақалпақ этнографиясының материаллық мәдениятı менен тереңнен шуғылланған алым Т.А.Жданко турақ жай мәселесинде де көплеген илимий жумысларды әмелге асырады. Турақ жайлардың бир нешше формаларына арнаўлы тоқталады. Дәстүрий қараүйлердиң безетилиўинен баслап жаңа түрдеги турақ жайлардың қурылысын да үйренеди ҳәм дала жазыўлары менен байытып барады. Соның менен қатар Т.А.Жданко мийнетлеринде урыўлық өзара жәрдемниңниң бар екенлигин көрсетеди ҳәм соның менен бирге бул жәрдемниң басқа формалары да бар еди, мәселен кең тарқалған «көмек»-үй қурылысында ямаса асығыс дала жумысларында жәмәәт жәрдеми дәстүри болғанлығын қысқаша айтып өтеди» [Жданко:40].

Т.А.Жданконың изертлеўлеринде қарақалпақлардағы жаңа дизаиндеги үйлерди: «… Заманагөй колхоз мүлкиниң турақ жай комплексиниң өзине тән белгиси «там» - жаңа түрдеги үй, еки бөлимнен ибарат (алдыңғы ҳәм хожалық асханасы) бир нешше үлкен айналы ҳәм қолайлы печкалы, ысытыў ханалары болған, аўқат писириў ҳәм аўқат таярлаў ушын масластырылған» [Жданко:51] -деп келтиреди.

Қол күшин талап етиўши бундай жумысларға қарақалпақларда көплеп көмекке айтыў дәстүри ен жайған. Солардың ишинде көлеми жағынан ең ири көмек

бул «жай көмек» есапланады. Жай көмекте тийкарынан жайдың ең тийкарғы ири жумысларына көплеп жәдемге айтылған. Булар жайдың тырнағын койыў (фундаменти), гербишин өриў ҳәм төбесин бастырыў жумыслары өзара көмек тийкарында әмелге асырылған. Буған салыстырмалы түрде қоңсы өзбек халықларында «хашар»ға айтыў дәстүри бар болып, изертлеўши Х.Исмаилов былай келтиреди: «…Ең көп таркалған ҳәм ҳәмме жерде турақ жай иматлары, хожалық ҳәм жәрдемши иматлар, жәмәәт иматларын қурыўда хашар болар еди. Дәстүрге көре дийўалды қурыў бир күнде тамамланыўы зәрүр еди. Сол себепли, «дийўал хашар», «там хашар», «сыбаў хашар» ушын шақырылған» [Исмаилов:24],-деп көрсетеди.

«Жай көмек» тийкарынан ер адамлар тәрепинен әмелге асырылатуғын ғалабалық жәрдем болып есапланады. «Жай көмек»те тийкарынан: жайдың тийкары (фундаменти), жайды өриў, төбесин бастырыў ислеринде ири көмеклерге аўыл арасында жаслар ҳәм орта жаслыларға айтылған. Аўыл арасында «жай көмек»ке бармай қалыў уят саналған. Аўылдың усындай ғалабалық көлемде әмелге асырылыўши ислеринде ҳаял-қызлардыңда орны гиреўли болған. Аўыл ҳаялларыда бундай көмеклерден бос қалмастан өзлериниң «көзге илинбес, бийминнет» хызметлери менен үлесин қосыўға ҳәрекет еткен. Жай салып оған көмек айтқан шаңараққа аўыл ҳаяллары болсын, жас қурбы-қурдаслары болсын, көмекте журген жасларға кимиси аўқат, кимиси нан, кимиси шай сыяқлы күнлик азық-аўқат жағынан көмеклеседи. Бунда ҳаял-қызларымыз ҳеш нәрсени ысырап қылмаўға ҳәм жай көмек айтып атырған жас шаңараққа өзлериниң қолынан келген жәрдемлерин бериўге ҳәрекет еткен.

«Жай көмек»теги ең қызықлы ҳәм есте қаларлы дәстүрлерден бири бул үйдиң дийўалын өрип, терезениң үстине ағаш басқаннан кейин үлкен етип, «шарқыраўық қәде» тойын бериў болып есапланады. «Шарқыраўық қәде» бериў-бул жүда үлкен дәстүрлеримизден бири есапланады. Бул дәстүрге муўапық, жас шаңараққа жақын туўысқанлары, ағайинлери, жора-жолдаслары тәрепинен пул яки натурал көринисинде өз жәрдемлерин береди. «Шарқыраўық қәде» берип атырған шаңарақ болса, жасы үлкенлерди шақырып, устаның ҳүрметине хәм иматына мал сойып, үлкен дастурхан жайып «пәтия»сын алады. Информатор Қанлыкөл районынын турғыны Турдыхан Худайбергенованың айтыўынша «шарқыраўық қәде» бериў халқымыздың жүдә әжайып дәстүрлеринен бири есапланады. «Шарқыраўық қәде»ни аўылларда үлкен той етип береди. Қоңсы ҳаял-қызлар, келинлер «шарқыраўық»қа үйлеринен «көримлик»ке кимиси қымбат таўар, орамал сыяклы

атағанларын байлайды, [АДЖ 2022:№1]-деп көрсетсе, Хожели районы турғыны информатор Зульфия Кўчкарова «шарқыраўық»қа жип байланады, жипке таўар, орамал таслаў-ҳаял-қызларымыз арасындағы өз-ара дәстүрлеримизден есапланады. «Шарқыраўық қәде»де ағайинлери имканиятынан келип шығып, мал, қой, жанлық саўға етеди,[АДЖ 2022:№2]- деп көрсетеди. «Шарқыраўық қәде» бериў тийкарынан жас шаңараққа өз-ара жәрдем бериў ушын шөлкемлестирилген. Бул дәстүрдеги ең тийкарғы жумыслар есапланған аўқат таярлаў, дастурхан жайыў ҳәм басқа жумысларға ҳаял-қызлар, келинлер тартылған. Асхана жумыслары менен биргеликте, сол күнги тойхананың шөлкемлестирилиў ислерине де өз үлеслерин қосады. Жуўмақлап айтқанымызда, қарақалпақларда өз-ара көмек дәстүри узақ дәўирлерден баслап қәлиплескен жәмийетимизде өз орнына, атқаратуғын ўазийпасына ийе дәстүрлеримизден бири есапланады. Әсиресе, «жай көмек» мысалында жәмийетимиздеги ҳаял-қызларымыздың өз-ара көмек дәстүрлериндеги орны айрықша дыққатқа ийе болып еледе изертлеўди талап етиўши мәселелерден есапланады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. Есбергенов Х. Поселения и жилища // Этнография каракалпаков XIX-начало XX века (Материалы исследования). Ташкент:Издательство Фан Узбекской ССР,1980. Б.16-56.
2. Исмаилов Х. Хашар его роль в трудовом и интернациональном воспитании масс.// Общественные науки в Узбекистане. №2.1983.с.24
3. Жданко Т.А. Каракалпакии. –В кн.: Народы Средней Азии и Казакстана (Серия Народы и Мира) 1962. т.1. Б. 461-467
4. Жданко Т.А. Быт каракалпакского колхозного аула. Журнал «Советская этнология». 1949.№2.
5. Морозова А.С. культура домашнего быта каракалпаков XX в. (к вопросу этногенеза) //дисс. на соиск. ученой степени кандидата исторических наук. Ташкент, 1954. Б.58-98
6. Шалекенов У.Х. Жилище каракалпакского колхозного крестьянства. Краткие сообщение Института этнографии АН СССР. М.1957, в XXVIII. Б. 47-54
7. Толстова Л.С. Каракалпаки Ферганской долины. ККГИЗ.1959.
8. Тлеубергенова Н.А. Традиционное жилище каракалпаков XIX –начала XXвв. //автореф. дисс. на соиск. ученой степени кандидата исторических наук. Нукус, 1996.
9. АДЖ-автордың дала жазыўлары 2022ж. №1 (Худайбергенова Турдыхан 1955 ж.т. Қанлыкөл районы, миллети- қарақалпақ, руўы-қыят, ахунқараған)
10. АДЖ-автордың дала жазыўлары 2022ж. №2 (Кўчкарова Зульфия 1966 ж.т. Хожели районы, миллети- өзбек)